

BAB VI

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

6.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna “Kasenian Kuda Rénggong di Kabupaten Sumedang (Ulikan Sémiotik jeung Étnopedagogik)” ngahasilkeun kacindekan anu bisa di déskripsikeyun saperti di handap.

Dina ieu panalungtikan medar ngeunaan sémiotik dina kasenian kuda rénggong. Salian ti sémiotik, panalungtikan ieu ogé medar ngeunaan étnopedagogik dina kasenian kuda rénggong anu ngawengku étnopédagogik catur diri kasundaan (ajén kamanusaan).

Dumasar kana hasil panalungtikan unsur sémiotik anu kapaluruh dina kasenian kuda rénggong ngawengku ikon, indéks jeung simbol atawa tanda (simbol dina baju, simbol dina ibingan, jeung simbol dina sasajén). Ikon dina kasenian kuda rénggong kasampak aya dua ikon nyaéta: 1) budak karia jeung 2) kuda. Indéks anu kasampak dina kasenian kuda rénggong nyaéta lagu-lagu anu dihaleuangkeun dina prakna kasenian kuda rénggong. Anapon jumlahna lagu anu perlu dihaleuangkeun dina prakna kasenian kuda rénggong disaluyukeun jeung kabutuhan dina prungna kasenian kuda rénggong. Simbol atawa tanda anu kasampak dina kasenian kuda rénggong téh kapanggih dina tilu rupa, anu di bagéan jerona mibanda babagan simbol anu séjenna. Anapon simbol dina kasenian kuda rénggong nyaéta 1) Simbol atawa tanda dina baju anu ngawengku: a) makuta, b) tutup séla, c) déker atawa geulang suku, d) sampur atawa saléndang, e) andong, f) payung agung, g) umbul-umbul/kuncir jeung h) tanduk palsu; 2). Tanda dina ibingan atawa rénggongna kuda nu ngawengku: a) ngigel, b) ngajugjug, c) ngepak, d) ngiprik, e) ngalung, f) ngalénggang, g) ngajungkang jeung h) ngagitek; jeung 3). Tanda dina sajén ngawengku: a) hanjuang dina kendi eusi cai,b) dewegan kalapa héjo, c) paré atawa béas, d) rurujakan 7 rupa, e) roko jeung surutu, f) cikopi amis, cikopi pait, g) cai hérang, h) puncak manik, i) bubur beureum, bubur bodas, j) seupaheun jeung k) boéh.

Anapon étnopédagogik nu kasampak dina kasenian kuda rénggong nyaéta ajén manusa ka Pangéran, ajén manusa ka dirina pribadi, ajén manusa ka manusa

séjénna, ajén manusa ka alam, ajén manusa ka waktu jeung ajén manusa kana kasugemaan lahir jeung batinna. Sakabéh étnopedagogik nu kasampak dina kasenian kuda rénggong ngagambarkeun catur diri kasundaan. Anu jadi ciri pasipatan jalma-jalma Sunda. Kasenian kuda rénggong nu mangrupa budaya urang Sunda tangtuna teu bisa leupas tina catur diri kasundaan dina ngalatih, pra pintonan nepi ka prak jeung prungna pintonan kasenian kuda rénggong.

Seni kuda rénggong miboga sababaraha fungsi nyaéta kahiji salaku fungsi hiburan pribadi, ieu helaran leuwih museur kana aspék hiburan anu dipintonkeun salila lumangsungna pagelaran, saperti ngabubungah pikeun budak nu disunat, jeung salaku sarana hiburan pikeun masarakat. Kadua salaku fungsi sosial, seni kuda rénggong téh ilaharna dipaké pikeun kagiatan-kagiatan peresmian jeung pikeun ngabagéakeun tamu-tamu agung. Lian ti éta, seni kuda rénggong téh mindeng dipaké dina acara-acara tradisional saperti sunat jeung kawinan. Katilu salaku presentasi éstétis, dina ieu pungsi ilaharna mikabutuh garapan anu leuwih serius, sabab seni helaran éstétis miboga standar anu luhur dina pintonanana.

Anapon seni kuda rénggong mibanda peran nu pasti di lingkungan masarakat, saperti pikeun ngamekarkeun kamampuh palaku seni (nayaga, sindén, *panari*, palatih kuda, pangrajin baju/aksésoris kuda), pikeun ngajaga jeung ngamekarkeun tradisi jeung identitas budaya masarakat Sunda, utamana di Sumedang jeung wewengkon Jawa Barat, jeung mangrupa salahiji alat atikan pikeun generasi ngora sangkan bisa mikawanoh jeung mikanyaah warisan budaya wewengkon, tur numuwuhkeun rasa reueus kana identitas lokal.

6.2 Implikasi

Dina hiji panalungtikan, tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sanajan ieu panalungtikan mibanda kahéngkérán, tapi panalungtik miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa nambah pangaweruh jeung mekarkeun élmu kabudayaan. Utamana dina pangaweruh ngeunaan sémiotik, étnopédagogik jeung mekarkeun kabudayaan.

6.3 Saran

Aya sababaraha saran atawa rékoméndasi nu ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina kana ieu panaluntikan, nyaéta pikeun panalungtik saterusna jeung pikeun masarakat. Kahiji, panalungtikan ngeunaan sémiotik jeung étnopédagogik kudu terus dilaksanakeun. Sémiotik jeung étnopédagogik dina kabudayaan mangrupa élmu nu kudu dirojong jeung dimekarkeun sangkan kabudayaan teu kadéséh ku kaayaan di jaman kíwari. Kadua, masarakat hususna urang Sunda, dipiharep bisa néangan pangaweruh ngeunaan kabudayaan Sunda, lantaran kabudayaan Sunda téh mangrupa salasahiji kabeungharan bangsa jeung nagara.